



## Kisa SSI ye?

SSI oswa Revni Sekirite Siplemanntè se yon pwogram federal ki ofri peman lajan kach pa mwa pou moun ki nan nesosite. SSI se pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou moun nenpòt laj ak timoun ki avèg oubyen malad/enfim.

Pou ou kalifye ou dwe genyen yon revni ki piti oswa ou pa genyen ditou, oswa yon ti kantite resous. Sa vle di valè resous ou posede yo dwe pi piti pase \$2,000 si ou se yon selibatè oubyen mwens pase \$3,000 si ou marye. Valè kay ou pa konte. Anjeneral, valè oto ou pa konte. Epi valè sèten lòt resous, tankou yon kav nan simityè ka pa konte tou.

Pou jwenn SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis lajan kach ou ka anmezi pou jwenn.

Ou dwe ap viv Ozetazini oswa nan Northern Mariana Islands (Zile Maryana) pou jwenn SSI. Si ou pa yon sitwayen ameriken, men ou ap viv Ozetazini, ou toujou ka anmezi pou jwenn SSI. Pou plis enfòmasyon, mande yon kopi piblikasyon *Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-11051-HC).

Eta Kalifòni ajoute lajan sou peman federal la. Sèl peman ou resevwa nan kòmansman chak mwa gen ladan li peman federal SSI la ak peman siplemanntè Kalifòni an.

## Asistans Medikal

Si ou ap resevwa SSI, anjeneral ou ka resevwa asistans medikal (Medi-Cal) otomatikman. Li pa nesèsè pou ranpli yon fòm aplikasyon apa pou Medi-Cal. Si ou gen kesyon konsènan Medi-Cal, kontakte biwo asistans piblik nan depatman local ou.

## Koupon pou Manje

Moun k ap resevwa SSI nan eta Kalifòni **pa ka jwenn koupon pou manje** paske leta ajoute lajan sou peman SSI federal la pou sa.

Men tou, ou ka anmezi pou jwenn koupon pou manje:

- Pandan ou ap tann yon desizyon sou aplikasyon SSI ou;
- Si aplikasyon SSI ou rejte; oswa
- Si ou ale viv nan yon lòt eta.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans piblik nan depatman lokal ou.

## Lòt sèvis sosyal

Men kèk lòt sèvis ou ka anmezi pou jwenn nan biwo asistans piblik nan depatman lokal ou:

- Yon lajan pou depanse espesyal pou chyen gid pou moun ki avèg oswa malad/enfim;
- Sèvis sipò nan kay; epi
- Sèvis pwoteksyon.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans piblik nan depatman lokal ou.

## Kantite lajan pou peman SSI pa mwa

Kantite lajan an enkli peman federal ak peman leta ansanm. Se pa tout moun k ap resevwa SSI ki jwenn kantite lajan maksimòm nan. Peman ou ka piti si ou gen lòt revni.

Kategori	Peman total pa mwa an 2008		
	Granmoun Aje	Malad/Enfim	Avèg
<i>Selibatè</i>			
Kondisyon de viv Endepandan	\$870.00	\$870.00	\$935.00
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$1,049.00	\$1,049.00	\$1,049.00
Kondisyon de viv endepandan, san kwizin	\$954.00	\$954.00	
Viv nan kay yon lòt moun	\$658.67	\$658.67	\$739.67
Timoun minè malad/enfim		\$756.00	
Timoun minè malad/enfim ki nan kay yon lòt moun		\$532.67	
<i>Granmoun aje marye oswa malad/enfim</i>			
Kondisyon de viv Endepandan	\$1,524.00		
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$2,098.00		
Kondisyon de viv endepandan, san kwizin	\$1,692.00		
Viv nan kay yon lòt moun	\$1,233.00		
<i>Moun marye ki avèg</i>			
Kondisyon de viv Endepandan			\$1,751.00
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,460.00
<i>Mounn avèg ki gen yon moun aje osma yon moun malad/enfim ki marye avèk li</i>			
Kondisyon de viv Endepandan			\$1,666.00
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,374.00

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi bibliyasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov) oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou kapab jwenn yon entèprèt pou w gratis ki pral pran telefòn la oswa ki kapab vini nan biwo lokal nou. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.